



Pou Piblikasyon Imedya: 29/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, DEPATMAN ENTERYÈ AMERIKEN AN AK PÈP ONONDAGA
A ANONSE YOUN NAN PI GWO RETOU TÈ KI FÈT PA OKENN ETA BAY YON
NASYON ENDIJÈN**

*Yo te retounen plis pase 405 ekta nan Tully Valley nan Santral New York bay
Nasyon Onondaga a pou kreye yon sanktyè fòn tuit fontèn*

*Espas ouvè pwoteje, sipòte pratik kiltirèl, aksè piblik sekirize apre akò ki lye ak
règleman pou kontaminasyon lak Onondaga a*

Sekretè Depatman Enteryè (Department of Interior) Etazini an, Deb Haaland ak Tadodaho Sidney Hill, Nasyon Onondaga a, te rejwenn Gouvènè Kathy Hochul, pou anonse jodi a yon akò istorik nan kad Evalyasyon Domaj Resous Natirèl Lak Onondaga ak Pwogram Restorasyon an k ap retounen plis pase 405 ekta tè pitorèsk bay Nasyon an. Antanke Administratè Resous Natirèl pou aranjanman an ak Honeywell International, Inc., Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York ak Sèvis Lapèch ak Fòn, Depatman Enteryè a (Department of the Interior) a te siyen yon rezolisyon ki òdone Honeywell transfere tit pou plis pase 405 ekta espas ouvè nan Tully Valley Santral New York bay Nasyon Onondaga a - youn nan pi gwo retou tè okenn eta bay yon nasyon Endijèn.

"Jodi a se yon jou istorik pou Eta New York, Administrasyon Biden lan, ak anpil patnè nou yo pou respekte epi rekonèt Nasyon Onondaga antanke gadyen orijinal tè ak dlo sa yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nasyon an ak pèp li a ap posede andwa pitorèsk sa nan Tully Valley pou kontinye eritaj konsèvasyon k ap pwoteje resous kiltirèl ak ekolojik sa yo pou benefis sitwayen Nasyon yo ak tout Nouyòkè pou jenerasyon k ap vini yo."

Sekretè Depatman Enteryè a, Deb Haaland, te deklare, "Akò istorik sa reprezante yon opòtinite inik pou retounen tè tradisyonèl yo bay pèp Endijèn yo pou jere pou benefis kominote yo. Nou enpasyan pou apiye ekspètiz Nasyon Onondaga ak konesans Endijèn yo pou ede jere fòn ak abita presye zòn nan. Konfòmeman ak inisyativ *America the Beautiful (Bèl Amerik)*, nou tout gen yon wòl pou jwe nan travay Administrasyon sa pou asire efò prezèvasyon yo dirije lokalman epi sipòte sante ak byennèt kominote yo."

Tadodaho Sidney Hill te deklare, "Se ak anpil jwa ke Nasyon Onondaga a akeyi retou premye sipèfisi enpòtan tè zansèt li yo. Nasyon an ka revouvle obligasyon jesyon li pou

restore tè ak dlo sa yo pou prezève o pou jenerasyon k ap vini yo. Nasyon an espere ke efò kooperasyon, gouvènman a gouvènman an ap yon lòt etap pou geri ant tèt yo ak lòt moun k ap viv nan rejyon sa ki te patri Pèp Onondaga a depi kòmansman tan an."

Akò istorik la se yon rezilta akò NRDAR mas 2018 la ant Administratè yo ak Honeywell International, Inc., epi k ap transfere tit tè ke Honeywell posede yo bay Pèp Onondaga a pou restore epi jere pwopriyete a lè li itilize Konesans Ekolojik Tradisyonèl (Traditional Ecological Knowledge, TEK), pratik istorik kiltirèl yo, ak syans solid.

Pwopriyete Tully Valley a genyen ladan l sous dlo Wiso Onondaga a, plis pase 18 ekta tè imid ak plèn inondab yo ak apeprè 397 ekta forè ak chan siksesyon. Dlo fwèt Wiso Onondaga a sipòte yon ti popilasyon tuit fontèn, ki ka restore nèt ak jesyon ki apwopriye. Tè imid yo, plèn inondab yo, forè, ak chan yo se fwaye lavi sovaj tankou ewon ble, zwazo chantè, zwazo dlo, malfini, èg chòv, krapo, chòvsouri, ak lòt mamifè ki genyen ladan yo sèf ke ble.

Patenarya federap-pèp-eta a ki te mennen nan retou pwopriyete sa bay pèp Onondaga a ap genyen ladan l yon dwa pasaj pou prezèvasyon ak DEC. Dwa pasaj la ap pwoteje epi restore zòn natirèl yo, ki enkli abita pwason ak fòn yo, epi pèmèt itilizasyon espas deyò lwazi ak edikatif ki konpatib yo, ki enkli aksè piblik nan Chit Fellows.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la, Basil Seggos, te deklare, "Nou felisite Pèp Onondaga a, Sekretè Haaland, ak anpil patnè federal, eta, ak lokal yo k ap selebre restorasyon kontini kominote Santral New York yo nan yon kontaminasyon istorik. Ak anons jodi a, Eta New York se yon lidè nasyonal, k ap rekonèt eritaj pwoteksyon resous natirèl vwazen Endijèn nou yo bay epi transfere plis pase 405 ekta tè bay Pèp Onondaga a pou konsève gad la."

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Akò istorik sa ap tounen plis pase 405 ekta peyizaj natirèl bay Pèp Onondaga a kote li fè pati nan fason lejitim. Yon lòt fwa ankò, pèp Onondaga a ap gen aksè nan sous dlo Wiso Onondaga a, forè ki antoure yo, ak peyizaj natirèl pak pitorisk sa nan Santral New York. Mwen aplodi Sekretè Haaland, Gouvènè Hochul, ak lidè Pèp Onondaga a dèske yo travay ansanm pou negosye akò istorik sa epi plede sipò konplè mwen pou sipòte pèp Onondaga a pou pwoteje tè yo epi asire yo genyen resous konplè yo bezwen pou kontinye konstri yon avni ki pi briyan."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Mwen akeyi anons sa ke sous dlo Wiso Onondaga ak plis pase 405 ekta nan Tully Valley ap retounen anba swen Pèp Onondaga a. Mwen te prezan anpil fwa lè manm Nasyon an te pale ak gwo emosyon sou tè sa yo, konsènan lapèch nan dlo klè kristal wiso a, ak konsènan parante fondamantal yo ak tè a, dlo, zannimo ak pwosesis natirèl la yo. Nasyon an pa t janm sispann angajman li pou pran swen tè a atravè pratik konesans ekolojik tradisyonèl ak aktiv, gratitud gerizon. Mwen kwè desizyon sa ap benefik pou tout moun k ap viv nan zòn nan pou anpil pati ki te reyini ansanm pou rive nan akò sa."

Manm Asanble Pamela Hunter te deklare, "Retou istorik tè Endijèn lan bay Pèp Onondaga a se sa ki bon pou fè epi asire ke tè sa yo ap prezève sou plan anviwònman pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen pa ka tann pou restorasyon ekosistèm ananm ak retou pratik lachas ak lapèch yo pa rezidan Nasyon an."

Pèp Onondaga a ap devlope yon Plan Jesyon Restorasyon, nan konsiltasyon ak Administratè yo, pou detèmine kalite ak limit lwazi ak itilizasyon piblik ki p ap anpeche re-etablisman vejetasyon ak abita kiltirèl natif ak ekonomik Nasyon an.

Finansman ak mizanplas pwojè NRDAR pa Administratè yo se yon rezilta akò legal ak Honeywell apre relachman mèki ak lòt sibstans danjere pase yo nan Lak Onondaga, afliyan li yo, ak tè wo yo. Nan kad pwosesis NRDAR Lak Onondaga a, USFWS ak DEC a te evalye blesi ki gen rapò ak kontaminan yo nan resous natirèl yo tankou zwazo chantè ak tòti, epi li te bay kantite pèt itilizasyon resous natirèl yo pou piblik la, tankou lapèch. Kidonk, ajans yo te mande ide pwojè restorasyon divès pati ki enterese ak Pèp Onondaga a pou idantifye kalite ak echèl restorasyon ki nesèsè pou konpanse tò nan resous natirèl sa yo, ananm ak pwojè ki ta ka ede abòde pèt kiltirèl yo nan Nasyon ak sitwayen yo.

Akò a mande Honeywell International is required pou mete anplas 18 pwojè restorasyon, ki enkli transfè tè Tulley Valley yo te ajoute jodi a, epi peye plis pase 5 milyon dola pou mizajou pwojè Administratè yo nan pwojè restorasyon siplemantè nan anviwònman Basen Vèsan Lak Onondaga a. Pwojè ki konplete nan pwosesis genyen ladan yo 40 ekta restorasyon gazon; prezèvasyon ak restorasyon yon lòt 344 ekta abita nan basen vèsan Lak Onondaga; yon ranp pou bato piblik sou tout Rivyè Seneca a; abita ak opòtinite lapèch sou tout rivaj Lak Onondaga a ak nan Wiso Ninemil; yon ranp pou bato piblik sou tout Rivyè Seneca la; yon ekstansyon Santye Empire Pis la soti Camillus rive Wiso Harbor; ak transfè Sant Vizitè Honeywell la nan Eta a.

Ou ka jwenn [Kopi Plan Restorasyon Lak Onondaga](#), sou sitwèb USFWS la. Pou plis enfòmasyon konsènan netwayaj Lak Onondaga, vizite [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)